# БАСЛАЎЫШ КЛАСС, МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ ТӘРБИЯ

## BASLAWISH KLASLARDA TÁRBIYA PÁNIN OQITIWDIŃ ILIMIY-METODIKALIQ TIYKARLARI

***Nagmetova N.M.***
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI*
*"Baslawısh tálim" kafedrası docenti, p.i.f.d (PhD)*

**Tayanch so'zlar:** tarbiya, ilmiy-metodik asoslar, tarbiya fani, qadriyat, axloq, o'z ustida ishlash.
**Ключевые слова:** воспитание, научно-методические основы, педагогическая наука, ценности, мораль, работа над собой.
**Key words:** upbringing, scientific and methodological foundations, pedagogical science, values, morality, work on oneself.

Házirgi kúnde jas áwladqa tálim-tárbiya beriw, olardı kásipke baǵdarlaw, olardı aqılıy hám ruwxıy tárepten rawajlandırıwdan ibarat. "Bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızam talabınan kelip shıqqan halda bilimlendiriwdiń mazmunın hám qralların jańa kóz qarastan islep shıǵıw talap etilmekte.

Bul tiykar bilimlendiriw procesiniń quramlıq bólimlerin jańasha tártipte sáwleleniwin talap etedi. Áne sol pedagogikalıq proceste tálim nızamlıqları hám tiykarlarına say ráwishte jańa tiykarlarǵa ámel qılıw, tálim metodlarınıń payda bolıwı, tálim qurallarınıń jetilisiwi, ásirese tálimdi shólkemlestiriwde oqıtıwshı sheberliginiń dástúriy emes formaları keń kólemde engiziliwi gúzetilmekte.

Usı ózgerislerdiń belgili bir bólegi didaktikalıq jantasıwlardıń quramı sıpatında shıqqan bolsa, taǵı bir bólegi dúnyadaǵı bilimlendiriw sisteması rawajlanǵan mámleketler alımlarınıń pedagogikalıq tájiriybelerine tayanǵan halda payda boladı. Innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardıń mámleketimiz tálim tarawına kirip keliwi óz aldına itibar qaratatuǵın baǵdarlardan biri ekenligin atap ótiw zárúr.

Tárbiya hár qanday jámiyet hám hár qanday mámleket turmısında sheshiwshi áhmiyetke iye boladı. Jas áwladtıń ulıwma, jámiyet aǵzalarınıń tárbiyası menen jeterlishe shuǵıllanbaǵan mámleket turǵınlıq hám kriziske ushıraydı. Sebebi,

ósiwi hám rawajlanıwı ushın hár qanday jámiyette hám materiallıq hám ruwxıy baylıqlar qatarında tárbiya da rawajlanıp baradı.

Tálim – process, nátiyje hám sistema bolıp tabıladı. Tálim bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardıń jıyındısın, iskerlik hám múnásibetlerdiń tiyisli tájiriybesin ózlestiriwge qaratılǵan arnawlı islerdiń shólkemlestiriliwi. Tálim nátiyje sıpatında bilimlerdi, iskerlik hám múnásibetlerdi ózlestiriwde erisilgen dáreje. Tálim sistema sıpatında mámleketlik shólkemler hám oqıw orınlarınıń kompleksi bolıp, olar sheńberinde insandı tárbiyalaw ámelge asırıladı. Sol tiykarda, tálim bárqulla tárbiya procesi menen birgelikte ámelge asırıladı.

Sonlıqtan da, bul negiz "Bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızamnıń tiykarǵı negizlerinen biri – tálimniń tárbiya menen tıǵız baylanıslılıǵı [1].

Baslawısh klaslarda tárbiya sabaqlarında tálim-tárbiyadaǵı sapalıq ózgerisler, joqarı nátiyjelilik kóbirek pedagogikamızdıń tariyxıy tamırları hám zamanagóy jetiskenlikler baslawısh klass oqıwshılarınıń sanasına sıńdiriw qanday jollar menen alıp barılǵanlıǵına baylanıslı bolıp, ol bárkamal áwlad tárbiyasında bekkem tiykar boladı. Solay eken, jas áwladqa tálim menen birge tárbiyanıń túrli kórinislerin berip barıw maqsetke muwapıq.

Baslawısh klaslarında ótiletuǵın "Tárbiya" páni tómendegi negizlerge tiykarlanadı:

ósip kiyatırǵan jas áwladtı milliy táriyxımızǵa tiyisli bilimler tiykarında tárbiyalap ósiriw;

oqıwshılarǵa bilim beriw menen birge milliy hám tárbiyalıq pazıyletlerdi sińdirip barıw;

jaslar sanası hám qálbine milliy idealogiyanı sıńdiriw;

jeke insandı tárbiyalaw ushın áhmiyetli ruwxıy tiykarǵa iye bolıw.

Tárbiya teoriyasınıń ulıwma ózgeshelikleri tómendegiler menen belgilenedi:

tárbiyanıń teoriyalıq tiykarları;

tárbiya didaktikası;

tárbiya ámeliyatı.

Bul máseleler tárbiya teoriyasınıń tiykarı sıpatında mámleketimizdiń ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde engizilgen "Tárbiya" páni tiykarların quraydı. Sol sebepli jámiyette tárbiyanıń ornı, áhmiyeti hám ámeliyatı insanlar tárepinen jeterli dárejede qabıl etilmekte. Bul másele boyınsha oqıtıwshılar teoriyalıq bilim, kásiplik kónlikpe hám ámeliy kompetenciyalar menen qurallanbaqta.

"Tárbiya" pániniń metodologiyalıq tiykarların tómendegiler quraydı: tálim-tárbiyaǵa tiyisli normativ-huqıqıy hújjetler; tárbiya tiykarları hám derekleri; tárbiya nızamlıqları, metodları hám texnologiyaları; tárbiyanıń ámeliy máseleleri.

Milliy qádiriyatlar belgili bir millet hám xalıqlardıń óz tariyxıy rawajlanıwında jaratatuǵın barlıq materiallıq hám ruwxıy baylıqları jıyındısınan ibaratı. Tárbiya sabaqlarında oqıwshılardı hár-tárepleme korrekciyalap barıwda áhmiyetli esaplanadı. Bunıń nátiyjesinde oqıwshılardıń ideyalıq, estetikalıq pazıyletleri qáliplesedi, tábiyatqa, jámiyetke qarata ilimiy qarasları sisteması quraladı, fizikalıq kúsh-quwatı bekkemlenedi hám usınıń menen birge tárbiyalıq máseleler ámelge asırıladı. Qádiriyatlar - insan ushın áhmiyetli bolǵan millet mápleri jolında xızmet etetuǵın erkinlik, social ádalat, teńlik, haqıyqat, bilim, gózzallıq, jaqsılıq, hadallıq, milletke sadıqlıq sıyaqlı pazıyletlerdi ózinde sáwlelendiredi. Qádiriyatlar hár túrli bolıp, bular ishinde "eń joqarı qádiriyat - insan" esaplanıp, qalǵanları oǵan xızmet etedi. Insan qádiriyatınıń ruwxıy, tariyxıy hám de bilimlendiriwge tiyisli tárepleri ayrıqsha jańasha pikirlew hám jaqınlawlarǵa tiykarlanadı [4].

Etika insanıylıq jámiyetiniń tariyxıy rawajlanıwı dawamında qáliplesken hám rawajlanıp kelgen norma hám qaǵıydalardan ibarat bolıp, olar adamlardıń jámiyetke bolǵan múnásibetlerin tártipke saladı. Bul norma hám tártip qaǵıydalar adamlardan jámiyet ushın zárúr bolǵan etika qaǵıydalarına boysınıwdı talap etedi. Etika insannıń minez-qulqı, dúnyaǵa kóz qarasın belgileytuǵın insanıy pazıylet bolıp tabıladı. Sol sebepli dúńyaǵa kózqaras ózgermegenge shekem insan ózgeriwi múmkin emes. Ullı oyshıllarımızdan Abdulla Avloniy etikaǵa tómendegishe tariyp beredi: "Etika insanlardı jaqsılıqqa shaqırıwshı, jamanlıqtan qaytarıwshı bir ilimdur. Jaqsı qulıqlardıń jaqsılıǵın, jaman qulıqlardıń jamanlıǵın dáliyl hám tastıyıqlar menen bayanlaytuǵın kitap etika delinedi" [3]. Etika - insannıń ómirinde óz-ózin tártipke salıw normaların, basqalar menen múnásibette bolıw mádeniyatın, hadal islep, durıs turmıs keshiriw normaların úyretedi. Etikanı biz tariyxıy hádiyse dep táriyplewimiz múmkin.

Endilikte baslawısh klass oqıtıwshıları óz oqıwshılarınıń hár tárepleme rawajlanıwına imkaniyat jaratıwı, yaǵnıy olardı oqıwǵa, tálim alıwǵa qızıqtırıwı hám qızıǵıwshılıq oyatıwı menen birge olardıń aqılıy tárepten rawajlanıwı, pikirlew qábiletlerin, dúnyaǵa kóz qarasın keńeytiw ushın rawajlandırıwda óz kásiplik tájiriybesin tolıq sarıplawǵa umtılıwı zárúr. Bunda olar óz oqıwshılarınıń psixologiyalıq jaǵdayı hám múmkinshilikleri, uqıplılıǵı, aqılıy iskerlgi, ruwxıy jetiliskenligi, jasaw sháráyatı sıyaqlı faktorlardı itibarǵa ala biliw qábiletine iye bolıwı zárúr.

Yaǵnıy, baslawısh klass oqıtıwshılarınan óz tarawı boyınsha tómendegiler talap etiledi: óz oqıwshıların jaqsı kóriw hám olar menen islewge qızıǵıwshılıq; pedagogikalıq iskerlikti ańlaw hám bul iskerlikti óziniń turmıslıq mútájligine aylandırıw; psixikalıq hám pedagogikalıq tárepten ziyrek; pedagogikalıq taktikalıq hám oyda sáwlelendiriwge, sonday-aq shólkemlestiriwshilik

uqıplılıqqa iye bolıw; ádalatlılıq, talap etiwshilik hám qatańlıqtı uyqas halda alıp bara alıwlıq; maqsetke umtılıwda durıs joldı tańlay alıwlıq; ózin tártiplew hám kásiplik iskerlikke uqıptıń joqarılıǵı hám sol sıyaqlılar.

Búgingi kún baslawısh klass oqıtıwshıları oqıwshılarda juwapkershilik sezimin tárbiyalaw tártiplerin jaqsı iyelewi kerek. Tárbiya sabaqlarında oqıwshılardıń bilim alıw ushın támendegi talaplarǵa boysınıwı hám olarǵa ámel etiwi talap etiledi:

Bilim alıw dawamında qıyınshılıqlardan qorıqpaw;
Óz ústinde islew;
Ustaz hám muǵallimlerdi húrmet etiw;
Salamatlıq hám densawlıqqa itibarlı bolıw;
Ádep-ikramlı bolıw;
Bergen wádesin orınlaw;
Erinshek hám sumlıqlı bolmaw;
Bilim beriwshilerdi húrmet etiw;
Doslarınıń jetiskenliklerine háwes etiw hám hárekette bolıw.

Ilertlewlerimiz nátiyjelerine tiykarlanatuǵın bolsaq, mektep tálim sistemasında baslawısh klass oqıtıwshısı tómendegilerge itibar beriwi kerek:

- shańaraq, máhelle hám mektepti muqaddes dep biliw;
- bala minez-qulqın analiz ete biliw hám joybarlastırılǵan tálim-tárbiya, bala sana-sezimine jáne oyda sawlelendiriwine uyqas etip, durıslıq hám qátelik, jaqsı hám jaman, mártlik hám námártlik, ruwxıylıq sıyaqlı túsiniklerdiń mazmun-mánisin ańlaw qábiletine iye bolıw;
- balanıń erkin, ǵárezsiz hám durıs, keń kólemli pikirlewin qáliplestiriwdiń forma, usıl hám qurallarınıń optimal variantların tańlap alıw;
- bay milliy-ruwxıy miyraslarımızǵa húrmet oyata biliw metodikasın jarata biliw;
- milliylikti oyatıw, mámleketlik nıshanlarımızǵa húrmet hám oǵan degen túsinikti qáliplestiriw, jámiyetlik jumıslarǵa aktivlikti asırıwdıń izbe-izligin úyrete biliw;
- óz oqıwshıların gózzal, ziyrek, sanalı, milliy, túsingish, mádeniyatlı hám sol sıyaqlı pazıyletlerdi qáliplestiriwge innovacion tárepten baylanıs ornatıw;
- óz oqıwshıların patriot, puqaralıq minnetin tereń sezine alatuǵın hám sonıń menen birge, milliy ǵárezsizlik ideyalarına sadıq ruwxta tárbiyalawǵa jańa múnásibetlerdi qáliplestiriw hám sol sıyaqlılar.

Ózin ózi rawajlandırıw kompetenciyasın iyelew baslawısh klaslarda zárúrli áhmiyetke iye. Ózinen-ózi ańlawdıń qáliplesiwi balalrda hár túrli kóriniste

boladı. Dúnyanıń rawajlanǵan mámleketlerinen biri bolǵan AQSH pedagogikası táliymatında da tómendegilerdi kóriwimiz múmkin:

– balanıń óz kúshi, múmkinshiligine isenim ruwxında tárbiyalaw;
– oqıwshınıń eń kishi jeke múmkinshiliklerin ámelge asırıw ushın gúres;
– balanı kemsitpew, insanıy qádiriyatlardı qádirlewge úyreniw;
– oqıwshınıń dáslepki dáwirlerinen-aq, kásipke baǵdarlaw, watanına maqtanısh ruwxında tárbiyalaw h.t.b. Bunda oqıtıwshı baǵdarlawshı boladı hám tiykarǵı maqset intellektti shınıqtırıw hám logikalıq pikirlewge úyretiw bolıp tabıladı. Bizge belgili, bala bilimge qızıqpay turıp oqıwdı áhmiyetli másele dep qaramaydı, oqıw dawamında joqarı nátiyjelerge erise almaydı. Oqıwshıda óz kúshine hám qábiletine isenim payda etiw, oqıwǵa qızıqtırıw, dáslepki jetiskenlikleri ushın xoshametlew úlken áhmiyke iye. Oqıwshıdaǵı oqıwǵa qızıǵıwshılıq qıyınshılıqlardı jeńiwge, aktivligin asırıwǵa, keleshekke isenim oyatıwǵa hám erkin jumıs alıp barıw qábiletiniń rawajlanıwına alıp keledi. Klass basshılarınıń mádeniyat dárejesiniń keńligi, pedagogikalıq talaplarǵa ámel qılıwı, hár bir bala shaxsın húrmet etiw menen oǵan salıstırǵanda talap etiwshilikti esten shıǵarmaw, shólkemlestiriwshilik ilimiy tájriybelerin ıyelewi, óz mamanlıǵın tınımsız asırıp barıw menen jumısqa dóretiwshilik tárepten baylanısta bolıwdı talap etiledi.

**Ádebiyatlar:**

1. O'zbekiston Respublikasining "Ta'lim to'g'risida"gi Qonun. Toshkent, 2020 y. 23 sentabr.
2. O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining qarori 2020 6 iyul "Umumiy o'rta ta'lim muassasalarida "Tarbiya" fanini bosqichma-bosqich amaliyotga joriy etish chora-tadbirlari to'g'risida"gi 422-son Qarori.
3. Авлоний, Абдулла. Туркий гулистон ёхуд ахлоқ. – Т.: Ўқитувчи, 1992. – 160 б.
4. Хошимов К., Очил С. Ўзбек педагогика антологияси. Педагогика олий укув юртлари талабалари учун қўлланма. - Т.: «Ўқитувчи», 2010.

**РЕЗЮМЕ**

Ushbu maqolada boshlang'ich sinflarda tarbiya fanini o'qitishning metodik asoslari, milliy qadriyatlardan foydalanish va boshlang'ich sinf o'qituvchisining tarbiya jarayonida nimalarga e'tibor berish kerakligi hamda tarbiya darslarida o'quvchilarning bilim olishi uchun amal qilishi mumkin bo'lgan talablar bayon etilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье описываются методические основы преподавания науки о педагогике в начальных классах, использование национальных ценностей, на что должен обращать внимание учитель начальных классов в процессе обучения, а также требования, которых можно придерживаться при обучении учащихся в сфере образования. занятия.

**SUMMARY**

This article describes the methodical basis of teaching the science of education in primary classes, the use of national values, what the primary teacher should pay attention to in the process of education, and the requirements that can be followed for the education of students in education classes.